

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana pedaran anu geus ditepikeun dina bab saméméhna, hasil panalungtikan ngeunan panyaraman masarakat Désa Bunigeulis, Kacamatan Hantara, Kabupatén Kuningan bisa dicindekkeun kieu.

- a. Panyaraman atawa tabu masarakat Désa Bunigeulis mangrupa larangan nu ditangtukeun ku karuhun anu maksudna teu meunang ngalakukeun hiji pagawéan lantaran sok aya matakna atawa mamala nurutkeun kapercayaan masarakat lamun direumpak. Kapanggih aya 72 panyaraman di masarakat Désa Bunigeulis Kacamatan Hantara Kabupatén Kuningan.
- b. Eusi panyaraman téh umumna mangrupa larangan atawa panyarékan sangkan urang teu milampah naon-naon nu disebutkeun ku panyaraman. Panyarékan karuhun téh gunana sangkan anak incu atawa turunana salamet tur jauh tina mara bahaya. Lamun panyarékan téa direumpak, tangtu bakal aya mamalana ka nu milampahna. Eusi jeung fungsi panyaraman téh bisa ditujukeun ka budak saperti *“ulah gogolérana dina taneuh, bisi diléngkahan jurig”*; panyaraman ka awéwé nu can kawin saperti *“ulah dahar dina coét, bisi meunangkeun aki-aki”*, panyaraman ka awéwé nu keur kakandung saperti *“ulah dahar buah urut kélong, matak rodék susu”*; panyaraman ka salaki nu istrina keur kakandung saperti *“ulah nginum notor kendi, matak genteng léhér budak”*; panyaraman ka masarakat umumna saperti *“ulah mandi kurang lantis, matak dipacok ku oray”*; atawa panyaraman has di Désa Bunigeulis pikeun pamingpin wewengkon saperti *“ulah nyorén bedog, bisi aya mamala”*. Bisa diringkeskeun yén panyaraman di Désa Bunigeulis téh ngandung genep rupa fungsi. Fungsi panyaraman anu panglobana muncul nyaéta panyaraman nu fungsina pikeun kalakuan kurang hadé, anu jumlahna aya 12 panyaraman (17%). Ari fungsi panyaraman anu pangsaeutikna muncul nyaéta panyaraman anu fungsina pikeun dahar jeung nginum, anu

- jumlahna aya 4 panyaraman (5,5%).
- c. Dina panyaraman téh kakandung ayana ajén-inajén moral kahirupan. Ajén moral nu kapanggih dina panyaraman nyaéta, (1) moral manusa ka Pangéran, saperti “*ulah nginum sabari nangtung, matak tobat teu dihampura*”; (2) moral manusa ka dirina sorangan, saperti “*ulah dahar seupan bari, matak limpeuran*” (3) moral manusa ka papada manusa, saperti “*ulah sok nyiduhan, matak jadi aul*”(4) moral manusa ka alam, “*ulah sok ngeusian cai pinuh teuing, matak kawiwirangan*”. Bisa diringkeskeun yén ajén moral nu dikandung ku panyaraman téh aya opat moral. Ajén moral anu panglobana dikandung ku panyaraman, nya éta ajén moral ka dirina anu jumlahna 19 panyaraman (26 %), ari anu pangsaeutikna nyaéta ajén moral ka Pangéran anu jumlahna 1 panyaraman (1,3%).
- d. Dina panyaraman ogé kakandung ayana ajén-inajén étnopédagogik, utamana patali jeung ajén atikan karakter. Ajén atikan karakter nu kapanggih dina panyaraman, nyaéta (1) karakter religius, saperti “*ulah nginum sabari nangtung, matak tobat teu dihampura*”(2) karakter toléransi, saperti “*ulah héhéotan ti peuting bisi disampeurkeun urang leuweung*” (3) karakter disiplin, saperti “*ulah ulin sareupna, bisi dirawu kélong*” (4) karakter kreatif, saperti “*ulah dahar ceker hayam, matak goréng aksara*” (5) karakter démokratis, saperti “*ulah sok dahar seupan bari, matak limpeuran*” (6) karakter cinta damai, saperti “*ulah sok nyiduhan, matak aul*” (7) peduli lingkungan, saperti “*ulah sok nulungan bancét ku oray, matak incok*” jeung (8) peduli sosial, saperti “*ulah diuk dina lawang panto, bangbarung bisi nongtot jodo*” . Karakter anu réréana dikandung ku panyaraman nyaéta ajén karakter disiplin anu jumlahna aya 11 panyaraman (15%), kadua ajén atikan karakter toléransi anu jumlahna aya 7 panyaraman (10%). Ajén atikan karakter anu pangsaeutikna nyaéta ajén atikan karakter cinta damai ngan aya hiji (1,3%). Sesana ajén karakter peduli sosial aya 3 panyaraman (4%), ajén karakter kreatif jeung ajén karakter démokratis masing-masing aya 2 panyaraman (3%).

Cindekna panyaraman téh, sanajan ngandung unsur kapercayaan jeung mitos, tétéla boga fungsi pikeun masarakat sarta ngandung ajén moralitas jeung ajén atikan karakter bangsa. Éta dua ajén dina panyaraman téh dina dasarna mangrupa ajén-inajén étnopedagogik.

5.2 Saran

Panyaraman atawa “*tabu*” mangrupa pantrangan-pantrangan anu dina kiwari ngan dianggap mitos wungkul, padahal dina panyaraman téh nyampak ajén-inajén moralitas jeung ajén-inajén étnopédagogik saperti atikan karakter bangsa. Sanggeus dilakukeun panalungtikan mah nyampak dina panyaraman téh loba ngandung ajén-ajén anu luhung, kalayan bisa dipaké pienteungeun keur jaman kiwari, jeung nambahan élmu kaweruh.

Ieu panalungtikan kakara nganalisis panyaraman nu aya dina kahirupan masarakat Désa Bunigeulis wungkul. Ku kituna, bakal leuwih hadé lamun aya panalungtikan anu leuwih husus medar tur mesék sagala anu aya kaitanna jeung panyaraman di Tatar Sunda.

- a. Ajén étnopédagogik nu nyampak tur nyamuni dina panyaraman bisa jadi bahan pieunteungeun jang urang salaku mahluk sosial di dunya. Supaya urang hirup didunya bisa ngarasa aman, salamet, jeung tingtrim.
- b. Ajén étnopédagogik nu nyampak di panyaraman horéng téh bisa ngajaga tur miara ekologi atawa alam sabudeureunna, sarta hirup beresih tur séhat téh perlu dijadikeun conto modél pikeun urang saréréa, utamana pikeun pamaréntah dina merhatikeun lingkungan, jeung cara ngajaga leuweung.
- c. Sacara teu langsung, hasil tina ieu panalngtikan téh bisa ngawariskeun ajén-ajén atikan anu hadé pikeun masarakat Sunda, nyaéta atikan moralitas jeung atikan karakter bangsa nu bisa jadi conto anu bener tur hadé.